

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Sakum jalma dina hirup kumbuh di lingkungan masarakatna teu leupas tina kagiatan komunikasi. Ayana komunikasi nétélakeun yén jalma téh salaku mahluk sosial nu hartina, sing saha waé jalmana moal bisa ngaleupaskeun diri ti jalma séjénna, salawasna merlukeun hubungan jeung jalma séjénna. Pangabutuh hirup jalma nu patalina jeung kasugemaan lahir atawa batin moal bisa kahontal tanpa lumangsungna kagiatan komunikasi. Sarana pikeun lumangsungna prosés komunikasi nya éta basa. Salian ti basa, komunikasi ogé bisa lumangsung ngaliwatan sarana séjénna, di antarana waé isarat, tanda, sora, lambang atawa simbol. Kagiatan komunikasi nu ilahar dina kagiatan sapopoé lumangsung ngaliwatan basa. Kagiatan komunikasi ngaliwatan basa bakal leuwih éféktif sarta hubungan papada jalma bisa lumangsung kalawan lancar. Kagiatan komunikasi ngaliwatan basa bisa lumangsung ku cara lisan jeung tulisan. Sangkan informasi anu dilisankeun bisa nepi kalawan luyu jeung anu dimaksud, mibutuh pasaratan nya éta nyumponan padikana dina nepikeun éta informasi. Sok sanajan sakumaha hadéna gagasan atawa informasi, tapi upama teu bisa nepikeunan tangtu waé éta gagasan téh moal nepi ka nu dimaksud, atawa bisa jadi ngabalukarkeun salah harti.

Teu saeutik conto dina kahirupan sapopoé aya anu salah nepikeun informasi, nepi ka nimbulkeun kajadian atawa hal-hal anu teu dipiharep. Tegesna

mah upama salah nepikeun informasi maksud hadé bisa jadi goréng, lantaran ayana salah tafsir ti nu diajak nyarita.

Kamampuh nyarita unggal jalma tangtu béda-béda. Siswa salaku nu diajar basa Sunda, dina ieu hal nyarita, miboga kamampuh nyarita nu béda-béda. Pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa, bisa digunakeun sababaraha cara, salasihijina ngaliwatan prakték wawancara di kelas.

(Rahman, 2004: 146) nétélakeun nyarita nya éta hiji kagiatan nepikeun maksud (ide, pikiran, eusi haté) ti hiji jalma ka jalma séjén nu ngagunakeun basa lisan malar éta maksud téh kahartieun ku nu ngaregepkeun.

Dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pelajaran basa Sunda, ditétélakeun yén siswa kudu bisa ngawangkong pikeun ngungkaraun pikiran, parasaan jeung kahayang dina nepikeun warta (berita), béwara (pengumuman), talatah (pesan), nyarita (bercerita), mingpin rapat, ngawawancara jeung ngalakonkeun peran.

Ku kituna, dina prosés nepikeun informasi lisan, salian ti kudu nyangkem pangaweruh basa, siswa ogé kudu nyumponan pasaratan séjén, di antarana:

- a. kawani nepikeun gagasan atawa pamadegan;
- b. nepikeun gagasan kalawan anteb (tenang);
- c. mampuh nyarita kalawan lancar; jeung
- d. némbongkeun paripolah anu teu kaku (luwes).

Lexy J. Moleong (1991: 135) nétélakeun yén wawancara nya éta paguneman anu mibanda maksud-maksud anu tangtu. Sacara teu langsung éta kalimah téh nétélakeun cara pikeun meunangkeun informasi atawa berita. Biasana

dilakukeun ku hiji atawa dua urang wartan jeung saurang atawa sakelompok jalma nu jadi sumber berita.

Wawancara jadi salah sahiji kompeténsi dasar tina kamampuh nyarita. Tujuan tina prakték wawancara nya éta sangkan siswa boga pangalaman langsung diajar nyarita jeung narasumber.

Dina prosés palaksanaanna di lapangan, pangajaran wawancara ieu teu luyu jeung nu dipiharep. Siswa nu dipiharep sangkan aktif nyarita dina pangajaran, teu laksana sabab teu dibéré kasempetan pikeun nyarita, siswa ngan diajarkeun téori-téori kabasaan wungkul di sakola.

Ieu hal tangtu jadi masalah nu kawilang gedé sarta kudu sagancangna diréngsékeun. Sabab pangajaran wawancara mangrupa salasahiji kaparigelan basa aktif, ku sabab kitu, perluna ngagarap panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngawawancara. Pikeun éta panalungtikan, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan **“Kamampuh Wawancara Siswa Kelas XI SMA Negeri Cicaléngka Taun Ajaran 2008-2009”**.

## **1.2 Watesan Masalah**

Ieu Panalungtikan diwatesan ku sabundeureun kamampuh ngawawancara siswa SMA Negeri 1 Cicaléngka.

Aspék-aspék masalah anu ditalungtik nya éta ngeunaan struktur basa, kosa kata, kalancaran jeung pamahaman.

### 1.3 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap:

- a. Kumaha kamampuh siswa dina ngawawancara narasumber?
- b. Kasalahan naon waé nu kapanggih nalika siswa ngawawancara narasumber?

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan saperti ieu di handap:

- a. pikeun ngadéskrripsikeun kamampuh siswa SMA Negeri 1 Cicaléngka dina ngawawancara narasumber;
- b. pikeun ngadéskrripsikeun kasalahan basa nu dipaké dina kagiatan Wawancara Siswa SMA Negeri 1 Cicaléngka.

### 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna pikeun :

- 1) guru pikeun nambah référénsi ngeunaan modél pangajaran wawancara;
- 2) mangpaat keur murid pikeun nambah pangalaman diajar nyarita jeung narasumber kalawan langsung.
- 3) mangpaat keur sakola (lembaga) pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda di sakola.

## 1.6 Anggapan Dasar

Suyatna (2000: 7) nétélakeun yén anggapan dasar nya éta sagala bebeneran téori atawa pamadegan anu dijadikeun patokan dasar dina panalungtikan:

- 1) nyarita mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu perlu dikawasa ku siswa sarenggeus diajar basa Sunda;
- 2) pangajaran wawancara mangrupa bagian tina pedoman KTSP;
- 3) pangajaran wawancara bisa ngarojong, ngamekarkeun daya pikir anu aktif tur kréatif; jeung
- 4) métode pangajaran wawancara nu hadé nya éta métode anu luyu jeung bahan pangajaran sarta bisa ngahontal tujuan dina prosés diajar ngajar.

## 1.7 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kamampuh nya éta kabisa nu dipimilik ku siswa dumasar kana tingkat kacerdasan mikirna;
- 2) wawancara nya éta kagiatan nyarita dua arah nu tujuanan pikeun narima informasi ti narasumber. Wawancara dina ieu panalungtikan nya éta praktek ngawawancara tokoh nu dilaksanakeun ku siswa SMA Negeri 1 Cicaléngka, nu saterusna dijadikeun data dina ieu panalungtikan.